ЦӀияб сонгун,гьудул заби!

# ГЬУДУЛЛЪИ
## дружба

№1
1 январь
2013

### Районалъул бетӀерасул барки

ХӀурматиял районалъул гӀадамал!

Нилъеца къо-мех лъикӀ гьабураб 2012 сон нилъер районааъеги букӀана бергьенлъабазулаблъун. ГӀезегӀанго тадбирал гьаруна районалъул гӀадамазул г1умру лъикӀлъизабиялъе, нилъер магӀишаталъул аслияб бутӀалъун кколеб росдал магӀишат цебетӀезабиялъе, рана ва хӀалтӀизе къуна социалиял объектал. Гьединлъидалин районалъе иргадулаб нухалдаги хьвадулеб Баг1араб байрахъ ва г1арцулаб премия щвараб.

Дица, районалъул тӀолалго гӀадамазда, гьединго, районалда бугеб рагъулаб частаалъул личный составалда ракӀ-ракӀалъго баркула ЦӀияб 2013 сон! Гьарула щибаб хъизамалъе, щивав чиясе талихӀаб, рохалилаб, ракълилаб ва щулияб имангун яхӀ-намус цадахъаб гӀумру,киналго лъикӀал ишазулъ-битӀккей ва бергьенлъаби.

ЦӀияб сонгун ,хириял районцоял!

**М. ПАТХӀУЛАЕВ**



### Халкъияв депутатасул барки

ХӀурматиял ракьцоял!

Гьале нахъа тана нилъер гӀумрудул иргадулаб сон. Абизе бегьула гьеб нилъер районалъул халкъалъе квешаб букӀинчӀилан.ва ракӀалда чӀанин лъикӀал ишаздалъунги захӀматалъулал бергьенлъабаздалъунги.

Бищунго гӀадамал рохараб ишлъун ккана гӀемерал соназ анищлъун хутӀун букӀараб тунель рагьи.Цо-цо росабалъе бачана тӀабигӀияб газ.

Халкъалъ республикаялъул парламенталде вищарав депутат хӀисабалда дица араб соналда кӀвараб жигар бахъана избирателаз диего кьурал тӀадкъаял тӀуразе,кумек гьарун аскӀове вачӀарав чиясул мурад тӀубазе.

Хириял районцоял,бокьун буго ракӀ-ракӀалъ баркизе нужеда тӀаде щвараб цӀияб сон.

Биччанте гьеб букӀине щивав чиясе рохелгун, талихӀгун,ркъелгун бачӀараб.

Биччанте щибаб рокъоб баракатги гьарзалъиги рещтӀине.

**М. ИБРАГЬИМОВ**

## БЕТАНА ТӀУМРУДУЛ ЦОТИТИ ТӀАМАЧ...
















# Къиямасеб къоги къваригIинчIел свечабиги

*Доб дунялалдаса* репортаж

ЛъагIалил авалалдаго баккана 2012 соналъул 21 декабралда дунялалъе «кутя хана» ккезе бугилан кутакалда рокьукъаб,черхалда бугебщинаб рас бахъун чIезабулеб хабар.

Мексикаялъул Майа абулеб некIсияб къавмалъул календарь ахиралде щвеялда бан, ракьалда тIокIаб гIумру букIине гьечIилан лъазабуна дуньялалъул гIемерисел информациялъулал алатаз.

Халкъалда гьоркьоб байбихьана кутакаб рихха-хочи. БитIахъе тIалу биххарал наял гIадин рахърахъалде ротанхъулел рукIана Адамил тIанчIи ,тIаде щолеб «конец светалдаса» рорчIизе,ай хвалдаса хвасарлъизе нухал цIехолаго.ЦIоб гIатIидав,кинабго жо жинда кодосев Къудратав Ханцин кIочон вукIана вангабазги,гл обаязги,календаразги «каранда унти ккезабурал» гIемерисезда.

Свечкаби,спичкаби! Спичкаби свечкаби!

Бицунеб жого гьеб букIана къиямасеб къоялда ракIчIарал рикIкIен гIемерал гIадамаз.

ГIемерал пачалихъазда бункералцин къачIа-кIатIан ругилан гаргадана телеэкраназдаса.Жанире лъугьине ихтияр кьолел билеталги хIадурун ругила,гьезухъ цебеккунго гIарацги босун бугила барахщичIого.

Гьадинги додинги хвезе ратани , спичкабиги свечабиги лъие ва щай къваригIарал жал абураб сулги баккулаан мех-мехалда халкъалда гьоркьоб.

Цо-цо хадур гъураз,ай бегIераб пикруялъул бетIергъабаз абулеб букIана спичкабиги свечабиги гьел ругила «прощальный ужиналъе» хIажатал атрибутал.

Нилъерго чIахIиял вацазулгIурусазул,ццулъарал американцазул,чIухIарал европейцазул рукIунел ратаниги гьединал ужинал,исламияб диналда ругел нилъее-дагъистаниязе сундуе хIажалъарал свечабияли сабсим бичIчIулеб букIинчIо.

«За упокой души» свечаби лъолеб гIадат бугилан гаргадулелги камун рукIинчIо. Амма магIарухъ гьеб гIадатги рагIун букIинчIо.

Гьеб гуребги,киналго хором хвараб мехалъ свечаби лъезе щив вачIинев?

ПалхIасил,сородилаго балагьун чIун рукIана рикIкIен гIемерал гIадамал жидерго пашманаб ахиралъухъ.

Дие,бахчун щай,тIохде балеб цIадалъулгIанги ургъел букIинчIо щияли лъаларей Майалги,декабралъул 12-абилеб къоялъ кибалиго рикIкIадаб Мексикаялда ахиралде щвараб щакаб календаралъулги.

Цо бугони,кинабго лъалев,бихьулев,кIолев БетIергьан вукIиналда щулаго ракIчIезабун букIана.

КIиабизеги, ракI бухIизе гучаб бечелъиги,банказда счеталги,тIубараб квартал ккурал хоромалги,хириял иномаркабиги рукIинчIо дир.6 сотихалъул дачаги,полтора рукъалъул секцияги,кредиталъухъ босараб васасул скоростной велосипедгигьеле дир тIолабго нахърател.

Гъобе абуни, якъинаб жо, хъахIаб бозил цо чанго метра гурони,лъидаго щибго босизе кIоларо.Я бечедасда,я мискинасда,я цIогьорасда,я цIар арав бахIарчиясда.

Корочи говоря,дирго-дунялалда вукIун хайирги гурев,хун пайдаги гьечIев херлъулев мухбирасул ургъелго ккечIо. РакI ххенолеб букIана нахуль рецIцIулел,рацIцIун тIагIаял властаълъул тIогьир ругел ,гургинал хунхазул,чIахIиял чахьазул высший чиназда хадуб.Гьел хвезе ресищ бугеб?

Машгьурав Узархановичас абухъе,санайилго жиделе тIаде МЧСал чвахулел муниципалиял бутIрузде балагь бачIинеги бокьун букIинчIо.Халкъалъе хайиралъе рижарал гьел гьечIониги.

Хасаб ургъел букIана ,чияр гьийин кванан бечелъарал олигархазулги.Гьел пакъирзабаз щиб гьабизе букIараб дунял цIураб,цIогьодун щвараб малмулкалда,ралъдал рагIалда рарал коттеджазда,супермаркетазда,цщу лъарал лугби роркьизарулел саунабазда ва гьенир рукIарал разного рода "санагIалъабазда"?

Канаразул чIинкIиллъаби,ЧIегIераб ралъад,дунялго бахилаб Парижгьел кинха цадахъ росилел кIиго метрацин гьечIеб манзилалъул бецIаб лахIдуялъуре?

Сразу ракIалде вачIана ахирал моцIаз хъахIаб чодул гIадин цIар тIибитIарав "полководец" ...Сердюковги гьесул «Славянка»биги...

Цо рахьалъ какраз ккелаан досие"конец света":сыщиказ лъахъва-рахьан нахъе инчIебани, цIакъ захIмалъилаан досие доб дунялалда гьадабщинаб щакаб капиталалъул,ай жиндирггоги руччабазулги жуба-гъубараб гIарацмеседалъул,бриллиантазул,жемч угазул жаваб кьезе.

Вот-вот жиндего квер биххизе къачIан вукIарав пулан Майаца мунагьалде виччачIо. Метерисеб къоялъ кIалгьикьи, канишна,букIинаан,амма ,хIакъаб жо, дагьа-макъабниги бигьалъиги камилароан керентурадие... Х1укуматалъ,кват1ун бук1аниги, канпискаци гьабурав чи х1исабалда.Гучав мученикха ч1оро.

Гьереси бицун щай,постоянно рекIелъ кьан рукIана Роман Абрамовичги Сулик Керимовги .Миллион долларазде босараб берцинаб яхтаялда,"Нафта"кампаниялда, гIадада торгIо бальаргьун миллионал чапулел Челсиялъул,Анжиялъул г1абурик1азда щиб гьабилаан?

Гьебго параялъ цебе паркьана чIегIерцIвакараб Самуэль Этоол даим гьимулеб гьумер.Секундалда жаниб палтара доллар кьунани,дир жирараб кIал кигIан кIудиял кIулаздаги кIвелароан рахазе.Амма бихьулищ,гьебгощинаб гIарац бугониги, пакъирасе гIагараб ВатIаналда-Камеруналда вукъизецин щолеб гьечIо.Дагъистаналдаго чIезе къасд ккарав Роберт Карлосилги гьебго къисмат ккезехъин буго.Прощай, хирияб Бразилия,хвалда цебениги цо бер чIвазе щвечIеб!

Вагнер цIодорав жо вукIун вугововремя ворчIана ВатIаналде.

Амма 20 миллион чи рагъул байдабазда къанщарал нилъее кIиго -лъабго иностранцасулищха гьадигIан ургъел ккезе кколеб?

Иргадал улкаялда рокировкаги гьабун, хухал гIадин рукIарал к1удиял комбинаторал-гроссмейстерал Володя Путинидаги Дима Медведевасдаги щиб гьабилаан, конец света рещтIани?

Щибго къого бихьичIого даром мандатал кодоре щварал "Цогояб"Россиялъул" депутатазда- спортсменазда,цере рукIарал рэкетазда,рейдеразда,гьанжесел чанк1к1арал чиновниказда щиб дарман гьабилаан?! ГIурусаз абухъе, штабелями щапун рукIинаан Москваялъул къватIазда ,тIолабго жанги жигарги законал рахъиялъе къурал халкъалъул "вакилзабазул " жаназаби.

Кин лъаларо, ракIалдаго гьечIого цеве вачIана гьанже гIагар ,кIиабилеб болжалалъеги зулму-хIалалъ халкъалда "вищизаврав" гIахьвалазул бетIер.Кинал планал рукIун ратилел,кинаб аппетит?Жалко пацанайилан ругоан гаргалел районалъухъ ракI унтарал мадугьалзаби-патриотал.

ЦIадукьаги вачун гонгикье тIамурав Шойгуги щвана щаялиго ракIалде.Амма Сердюковас тараб военний хозяйство,рукIалиде ккезабизегIан, Кужегетовичасеги хвелго лъикIаб букIинаанин пикру гьабуна.

Цо чи хутIана жинда тIириги ракI бухIичIев,гурхIичIевгосподин Жириновский!ТIолабго махлукъат къаникье аниги, къода жаниб анIго нухалъ дунял бихханиги холев тайпа гурелъулха"юристасул вас".

...ГIемерал жал рукIана доб "балагъаб"рузман къоялъ рекIеда къан,амма гIемер воххиялъ рихха-рикьун,роржун ана.

Районалде почти что бачун букIараб дармовой газ,магIарухъа ккураб МахIачил хьалаялде щвезегIан тIураб хьил,ахиркъадги рагьараб тунель!

ТIасияб соналъ ГIандибе асфальт тIезе букIараб грандиозный проект,гьеб тIурасе монолит тIезе хIадурал гIандал!

ТIадежоялъе МахIачхъалаялде гочараб дирго хьизаналъги букIана тату хвезабун,таксиги ккун жал срочно эхеде рачине вачIайилан.МагIарухъе рачани, хвезего гьечIел гIадин.

Таксиги дунги раккичIеб мехалъ,дие квешезе ,ахираб шагьи-параги кьун, спичкабиги свечабиги росун ругоан... Щибаб бащдаб сагIаталдаса семейни сводкаби рачIунаан "ниж пока чIаго руго,хадуб кколеб жо лъаларо",-ян. "КIодол "хIалуцараб кIалъаялъ цо кIудияб надежда кьолеб букIинчIо на выживание .

Щибали лъалареб къавмалъул ,щияли лъаларей Майал сонал хьвалеб хьарщи тIагIанилан абун,гьабгощинаб гIаламалдаса ратIалъизе ккани гьечIищ кIудияб балагь!

Амма,кинахун бицаниги,цо жо букIана дие до слез абидна-декабралда хвезеги вукIун ватани,октябралдаго,ай хирияб Макка-МадинаялдагIаги щайдай дун къанщичIев абун.

Гьале ахир-къадги тIаде щвана "анищаб" 2I декабрь.

... Рузманги тIубана,бакъанимехги гIунтIана,хадубго бецIлъиги рещтIана,боголил какги бана.

ТалихIалъ рещт1инч1о ракIалда букIараб ахир.

Майал макъаналъ мекъи ккезарурал аза-азар дагъистаниял(дунялалъул миллионал гIадамалго гIадин)дагъдагъккун лъавуде рачIана.

...Итни къоялъ тIобитIулеб ахирисеб данделъиялда(20I2 соналъ ахирисеб) нилъерго районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас нижеда-жиндирго чIаго хутIарал гIисинал чиновниказда "къиямасеб къоялдаса" рорчIиги,тIаде щолеб Щияб 20I3 сонги баркидал, тIубанго ракIчIана чIаго хутIиялда.

Ва хеккого тел къабуна бехе "кIодохъе",кIиго -лъабго багъаги тIаде бахъун,свечаби ричизе базаралде къокъейилан.

***Щияб сонгун ,гьудулзаби!***

***Пумахан Пандийский***

# КИНАБ БУКІАРАБ 2012 АБИЛЕБ СОН?

Лъица букІаниги гьедин гьикъани, 2012 сон улкаялъеги Дагъистаналъеги, районалъеги лъикІаб букІанилан чІванкъотІараб жаваб кьелаан дица.

ТІоцебесеб иргаялда, улкаялъул пачалихъияб нухмалъиялде ккана, ай Россиялъул Президентлъун тІолгохалкъалъулаб разилъиялдалъун цІидасан вищана В.В. Путин.

Гьев ккола дунялалдаго бищунго ритІухъаблъунги, бищунго захІматхалкъалъул рахъ кколеблъунги, къуватаблъунги букІараб СССР биххизабиялъе балъго хІалтІарав Б. Ельциница ва гьесул гьереси-демократаз экономикиябгун политикияб ва рагъулаб къуваталъул рахъалъ накабазде ккезабун букІараб Россия бахъинабурав, къокъабго заманалда гьениб гІадлу гьабун, улка церетІурал пачалихъазул мухъилъе бачине к1варав,гьелъул халкъазда гьоркьосеб къиматги хІинкъигьечІолъиги борхизбурав Россиялъул халкъалъул лидер ва ВатІаналъул патриот.

КІиабизе бугони, В. Путин ккола Дагъистанги Болъихъ районги лъалев, нилъер захІмалъабиги, гІадамазул хасиятги, ВатІаналдехун бугеб рокьи-хинлъиги бичІчІулев ва гьеб рахъалъ нилъее кІудияб къиматги кьурав чи.

Россиялъул цІикІкІарасеб халкъалъулго гІадин, дирги ракІчІола Президент В. Путиница тІоцебесеб иргаялда улкаялда гІадлу букІинабиялъул, коррупциялдеги пачалихъияб бюджеталъул цІогъабаздеги данде рагъ баялъул кьучІалда, г1адамазул рукІа-рахъин лъикІлъизабиялъеги, улкаялъул, халкъазда гьоркьосеб къадру-къимат борхизабиялъеги, ракълилаб гІумру букІинабиялъеги хадубккунги хІаракатаб ва гІакълилаб хІалтІи гьабизе букІиналда. Гьелъие нугІлъи гьабулеб буго ахираб заманалда Минобороналълде щунги коррупционераздегун цІогъабазде данде рагъ бай кутаклъизабулеб букІиналъ. Гьеб кинабгоялде балагьараб буго Россиялъул Парламенталде Президентасул исанасеб ХитІабги .Гьединалго рукІана пресс-конференциялда В. Путиница журналистазул суалазе кьолел жавабалги.

Узухъда, цох1о Президентги хІалтІун гьеб мурадалде улка щоларо. Россиялъул субъектазул ва муниципалиял гІуцІабазул нухмалъулезги Президентасул Посланиялда рекъон хІалтІи гІуцІизе ккола.

КІиабилеб иргаялда, 2012 соналда, цебесеб соналде дандеккун ,гІаммаб къагІидаялда чІара-хьараб хІал букІана нилъер республикаялда.

РФялъул Президентасул Югалъулаб Россиялда вугев понломочнияв вакил А.Хлопониницаги ДРялъул Президент М-С. МухІамадовасги чалу къотІун рагьана,тІолгом агІаруллъиялъулго анищлъун букІараб ,гендерил тунель. МахІачхъалаялде ва рикІкІаде хьвадизе кколел магІарулазе берцинго ва хІинкъи гьечІеб къагІидаялда къачІан бугеб гьеб тунелалъ нух г1емерго кьокъ гьабуна. Гьеб ккола, гьаб заман гІолареб мехалда, нухда холеб заманги нухлул харжалги гьединабго роценалда дагь гьарилъун…

Лъабабилеб иргаялда. 2012 соналъул декабралъул байбихьуда республикаялъул кІудияб делегациягун районалде вачІун вукІарав ДРялъул Президент М-С. МухІамадовасги районалъул бетІер М. ПатхІулаевасги багІарал чалалги къотІун , рагьана ва хІалтІизе кьуна Болъихъ росулъ цІи бараб спорталъулаб кІудияб комплексги АнсалтІа росулъ къокъаб заманалдаго бан лъугІинабураб, гьитІичазе киналго шартІал ругеб, ясли-ахалъул кІитІалаяб минаги.

Районалда социалиял бакІал раялъулги, чІара-хьараб жамгІиябгун политикияб хІал цІуниялъулги ва гІун бачІунеб гІелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъулги рахъалъ районалда гьабулеб бугеб хІалтІуе лъикІаб къимат кьуна Дагъистаналъул Президентас «Терроризмалдегун экстремизмалде данде къеркьеялъул хІакъалъулъ» суалгун районалда тІобитІараб зоналияб совещаниялда кІалъалаго…

Гьеб гуребги ,2012 сон баракатаб букІана районалъул росдал магІишаталъул хІалтІухъабазеги. Цебесеб соналде дандеккун цІикІкІун бакІарана тІощел ва ва цІикІкІун буго гІи-боцІул къадарги. РакІчІараб кьучІ лъуна 2013 соналъул тІощалил бачІиналъеги, лъикІаб хІадурлъиялда унеб буго гІи-боцІуда хасел тІамизабиги.

2012 соналда нилъ рохизаруна районалъул спортсменазги. БатІаго гьениб цебехъанлъи бихьизабуна АнсалтІа, Муни, РикІвани, Чанхъо росабазул гІолохъабазги школазул цІалдохъабазги.

Араб соналда районалъул бетІерас хасаб кІвар кьун букІана районалъул интеллектуалияб, ай районалъул кадраби гІезариялъулаб рахъалде. Гьелъие кьучІ школазда лъолеб букІинги хІисабалде босун, районалъул педколлективалъул пикру буссинабун буго лъималазе лъай кьеялъул качество борхизабиялдеги, гьел махщел тІаса бищиялдегун пачалихъияб цогояб экзаменалде (ЕГЭ) тІадчІун хІадуриялдеги.

Узухъда, гьединаб тІалабалъ цо къадаралъулал хІасилалги кьуна араб соналдаго. Школазул выпускниказ, аслияб къагІидаялда, ЕГЭ кьуна бергьенлъиялда ва МахІачхъалаялъулги улкаялъул цогидал шагьаразулги цІалул тІадегІанал заведениябазул батІи-батІиял махщалил факультетазде цІализе рорчІана анцІ-анцІ гІолилал. Цо-цо рес гьечІел хъизамазул гІезегІанго выпускникал цІализе лъеялъеги кІудияб кумек гьабуна районалъул бетІерас…

Гьаб сон жеги баракатаблъунги бергьенлъабазулаблъунги батаги районалъул школазул выпускниказеги ва тІолалго гІадамазеги!

Цоги-цоги лъикІал, нилъ рохизе кколел рахъал гІезегІанго руго районалдаги республикаялдаги ва улкаялдаги. Гьезул бищунго лъикІаблъун кколарищ гьал тІолгодунялалъулго кризисалъул соназда нилъер улкаялда цІунун рукІин киналго социалиял программаби.

Узухъда, араб соналда районалъул гІадамазул г1умруялъулъ рукІана пашманлъабиги. Гьел руго Аллагьасул хІукмуялдалъун рачІарал. ЦІияб соналдаги хадусел соназдаги нилъ гьездасан Аллагьас цІунаги!

Районалъеги, республикаялъеги, улкаялъеги гьезул щивав гражданинасеги баракатаблъун, лъикІал ишазе квербакъи бугеблъун, унта-щокълъиялдасан цІунараблъун, ракълилаблъун, гІадамазда гьоркьоб вацлъи ва гьудуллъи щулияблъун, гьезулъ иман, яхІ-намус, сабру, рекІел гурхІи цІикІкІараблъун, цІогъаби ва хъачагъал кантІараблъун, гІолилазул лъикІа-лъикІал мурадал тІуралеллъун, гьел къварилъабаздасан ва квешал пикрабаздасан цІунараблъун гьабейги Аллагьас нилъее ЦІияб 2013 сон!

*Ш. Лабазанов*

## Сессия тІобитІана

Араб рузман къоялъ райадминистрациялъул актовияб залалда тІобитІана депутатазул районалъулаб собраниялъул сессия.

2012 соналда ахирисеб нухалда данделъана халкъиял вакилзаби кІвар бугел суалал гьоркьор лъезе.

Бищунго цІикІкІараб пикру киназулго буссун букІана тІасияб соналъул бюджеталде. Республикаялдаго бищун лъикІазул цояб ккола районалъул бюджетин абуна сессия рагьарав районалъул бетІер М.ПатхІулаевас.

Бюджеталъулгун депутатазул лъай-хъвай гьабуна финансазулаб управлениялъул нухмалъулев З.МухІамадовас.

ХІакъикъаталдаги араб соналде данде ккун гІемерго цІикІкІун ругоан районалъул исанасеб бюджеталъул тарихал.

Бищунго гІадамал рохизе кколеб жо-гьенире гьоркьоре ун руго кІвар бугел социалиял ва цогидалги проектал.

Гьелъги батила, депутатаз,ахІи-хІур,дагІба-рагІи гьечІого гьиралда къабул гьабуна 2013 соналъул бюджет.

**(Сессиялъул хІакъалъулъ гІатІидаб материал нижеца хадусеб номералда кьезе буго).**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

Большихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители:
Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор
ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель
А. Агъларов

Отделалъул редакторал
Ш. Лабазанов
П. Чупалаева

Мухбирзаби
П. Дибирова
Ш. Хаджаров

Фотокорр.
Ш.МуртазагIалиев

Наборщица
П. Эльдарова

Верстальщица
А. Назирбекова

Программист
А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.
Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цоги-далги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Тираж 2500

Наш эл. адрес
druzhba555@mail.ru

# Кинаб букIараб районалъул гIадамазе 2012-аб. сон…

## АРАБ СОНАЛЪУЛ АНКЕТАБИ

*Районалъул майданалда тохлъукьего дандчIварав ГIанди росдал №2 гьоркьохьеб школалъул директор ва чанго соналъ районалъул Собраниялда гIандадерил вакиллъун вукIарав АхIмад АлбегхIажиевасе чанго суал кьуна дица.*

*-Араб 2012 соналъул кина-кинал лъугьа-бахъиназ мун вохизавурав?*

*-ТIоцебесеб гьединаб лъугьа-бахъинлъун ккола араб сонaлда районалда тIобитIараб олимпиадаялда нижер школалъул цIалдохъабаз 32 призалъулаб бакI ккве й. Гьединал массовиял бергьенлъаби къанагIат гурони рукIунаро школазул.*

*КIиабилеб рохалилаб ишлъун дие букIана араб сонaлда нижер школалъул 20 выпускникас бергьенлъиялда ЕГЭ кьей ва гьезул 16-яв цIалул батIи-батIиял ВУЗазде цIализе ворчIи.*

*Гьанибго абила: кинав эмен вохиларев жиндир яс «ЛъагIалил учительницалъун» яхъиналдаса. Араб сонaлда гьединаб хIурматияб цIаралъе мустахIикълъана 5-11 классазда биологиялъулгун химиялъул дарсал кьолей учительница дир яс-ЗагьраиI МухIамадова.*



*Дун цIакъго вохизавураб лъугьа-бахъинлъун ккана РФялъул Президентлъун В. В. Путин вищи. Гьев вуго халкъазда гьоркьосеб роцеНалъул лидер ва политик. Гьаб хIалуцараб заманалда пачалихъалъе чара гьечIого хIажатавлъун ккола гьединав политик ва патриот.!*

*- Кинаблъун букIине бокьилеб дуе ЦIияб 2013 сон?*

*-Валагь, ШагIбан, лъикIа-лъикIал ва халкъалъе пайдаял лъугьа-бахъиназдалъун араб соналдасаги бечедаб, ракълилаб, районалъулги, республикаялъулги ва улкаялъулгоги гIадамазул вацлъиги гьудуллъиги щулияб, щивас, батIаго нухмалъи гьабулес, яхI-намусги ракIазулгун кверазул рацIцIалъи цIунулеблъун букIине бокьила.*

*Гьединго, 2013 соналдагIаги тIубазе бокьила районалъул цIикIкIарасел гIадамазул политикияб мурадги. Гьеб ккола муниципалияб гIуцIиялъул бетIер кинаЗего гIаммаб, балъгояб гьаркьидалъун вищи букIинаби. Гьев бетIер вукIине ккола жидерго батIи-батIиял мурадал рукIунел районалъул Собраниялъул депутатаз гурев, халкъалъ вищулевлъун ва гьезда цебе жаваб кьолевлъун.Божула дир гьеб пикруялъул районалъул гIадамаз рахъ ккеялда.*

Гьелго суалал кьун рукIана дица ДРялъул мустахIикъай тохтур *Зайнаб ХIасановалъеги* Гьагьалъ росулъа хIажичи *АхIмад ЗайнулгIабидовасеги.* Гьоркьехун кьолел руго гьезул жавабал.



-Араб 2012 соналда къватIисел пачалихъазда букIараб ва бугеб хIал бихьидал, абизе ккола гьеб сон нилъер халкъалъе, гьелдаго цадахъ районалъул гIадамазеги баракатаб ,талихIаб букIанин.

Гьединаблъун, гьелдасанги талихIаблъун, гIадамал, щивав чи унтабаздасан, къварилъи-балагьаздасан Аллагьас цIунараблъун, гIаданлъи, яхI-намус, иман, сабру щулияблъун ва цIоб-рахIматалдалъун гьарзаяблъун букIине бокьила ЦIияб 2013 сон.



Араб сон букIана дие бищунго талихIаб, рохалилаб ва тIолабго гIумруялъ кIочонареб.

Щай абуни,дие Аллагьас рес кьуна ХIежалде щвезе,

КигIан кIудияб асарха диеги дун гIадинал миллионал хIажизабазеги гьабураб нилъер хирияв аварагас (с.а.с) хIетIе чIараб хирияб Макка-Мадинаялъ, КагIба рукъалъ, кигIан гьекьаниги кьечго буссунареб Зам-замалъ.

Щивав чиясул рокъобе рекъел, талихI ва икъбал рещтIунеб букIине бокьила дие 2013 сон.

## ДИЦА РАЙОНЦОЯЗЕ ЛЪИКIЛЪИ ГЬАРУЛА

*Ана дир гIумруялъул цойгиги сон. Аралъухъ нахъ вуссун балагьидал, беццизегIан вохарабги, баркизегIан талихIабги букIинчIониги, бицинегIан пашманабги букIинчIилан абизе бегьила гьеб.*

*Араб сон расги бигьаяб букIун батиларо намус-яхI бугезеги, тIекълъиялда тIад рекъоларезеги, рикъзи-боцIи хIалалаб гурони бокьоларезеги, «гьаваялдасахун» гIарац гьабизе кIоларезеги. Гьуинаб букIун батиларо гьеб хIалтIухъ мухь гурони щоларезеги, щвезе кколеб харж жиндир заманалда кьоларезеги.*

*ЛъикIав инсанасул рекIелъ кидаго хутIулеб батила гIадамазде бачIараб къварилъиялъул асарги бух1иги. Гьединлъидал ,гьаб жакъа гIадаб,гIадамазе захIматаб заманалда тIолго жо лъикI букIанин абизе кIоларо ракIбацIцIадав инсанасда.*



*Гьоркьоса къотIичIого квешабщинаб бихьулебги рагIулебги бугелъул, гьелъ квешаб асар гьабичIого хутIулеб гьечIо.*

*Амма, гIемерал гьечIониги, яхIги бугел, намусги бацIцIадал, пикрабиги роцIцIарал гIадамал дандчIвайдал, руго гуриха жеги дунял берцин гьабизе, ракьалда гIумру цIунизе рижарал гIадамал абураб пикруялъ ракIги цIилъула, цIидасан лъикIлъиялде божиги бижула.*

*Хьул буго бачIунеб 2013 соналъ гIемерал лъикIлъаби нилъее ккезе ратилин, лъикIа-лъикIал хIукмаби хIукуматалъ къабул гьарилин.*

*ЦIияб соналда дица гIадамазе гьарула гIуцIго лъикIабщинаб. ГIумруялде божилъи цIикIкIаги, ракIазулъан ургьелал рачахъун аги, къватIир ругел нух битIун руссаги, рокъор ругезе магIишат-яшав битIаги, нилъ тIолалго чияр зулму-зияналдаса цIунаги, цIорой-хинлъи рекъараб хасел бачIайги, дин гьабизеги гьеб ракI-ракIалъ бокьизеги тавпикъгун къуват кьейги, кьвагьа-гIанхъи тIагIаги, эбел-эмен разиял лъимал лъугьайги.*

*Кьокъгоабуни,лъайги,гIакълуги, имангиұяхIги бугел гIадамаз Дагъистанго цIейги!*

*ЦIияб сонгун,хириял районцоял!*

**Ш. ХIайдарбеков*
*районалъул Миграционнияб хъулухъалъул начальник*